



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ACHÈVMAN DEVLOPMAN LOJMAN ABÒDAB EPI MILTIFONKSYON 95 MILYON DOLA NAN KONTE WESTCHESTER

22 South West Street pote 189 apatman abòdab, ekonomik pou enèji nan anba lavil Vernon bò kote Estasyon Tren Metro-North

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a achèvmann 22 South West Street nan anba lavil Mount Vernon, yon devlopman miltifonksyon ki koute apeprè 95 milyon dola, ki gen 189 apatman avèk yon espas komèsyal nan premye etaj la ki bò kote Estasyon Metro-North Mount Vernon West.

"Pou anpil Nouyòkè, retablisman ekonomik apre pandemi a lye dirèkteman ak disponibilite lojman abòdab bon kalite ki gen aksè fasil ak transpò komen, travay ak sèvis", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo devlopman lojman sipò sa a kontinye se angajman nou pou envesti nan kominote yo nan eta a pou gen aksè ak lojman san danje, nouvo ak abòdab."

"Kounye a plis ke jamè, nou vle asire ke tout Nouyòkè yo gen aksè ak lojman abòdab ak yon bon twati sou tèt yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Achèvmann konplèks apatman 95 milyon dola nan Mount Vernon, ki fasilman aksesib pou Estasyon Metro-North, ap ede transfòme anba lavil vil la ak bay inite yo pou moun ak fanmi ki gen revni miks. Devlopman an se yon pati nan plan lojman anbisye, sou senk ane, 20 milya dola nou an pou ajoute lojman abòdab nan eta a ak ede konbat pwoblèm sanzabri pou rekonstwi pi byen ak ranfòse kalite lavi nan kominote nou yo."

22 South West Street fè pati Plan Lojman abòdab san parèy 20 milya dola Gouvènè Cuomo a, sou senk ane, ke Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York administre. Plan 20 milya dola a refleto yon angajman pou bay tout Nouyòkè yo aksè ak lojman san danje, abòdab, ki rann lojman pi aksesib epi konbat pwoblèm sanzabri a nan konstwi epi prezève 100,000 apatman ki nan yo pri abòdab, ki gen ladan yo 6,000 inite lojman sipèvize.

22 South West Street santral pou Plan Revitalizasyon Mount Vernon, k ap transfòme anba lavil vil la pou tounen yon kominote dinamik, adapte pou pyeton ki melanje lojman pi gwo dansite ki oryante nan transpò komen kote gen vant an detay ak lòt aktivite komèsyal. Devlopman an bò kote Estasyon Metro-North Mount Vernon West ki ofri yon trajè rapid pou Estasyon Grand Central nan Vil New York.

Bilding 17 etaj la gen yon teras anplennè pataje ak yon zòn rekreyatif pa anndan, yon sant pou kondisyònman fizik, machin pou lave/seche nan tout inite yo, plis yon sant lavaj pataje ak yon sal jwèt pou timoun. Gen 149 espas pakin nan sousòl la ak plis pase 4,000 pye kare espas komèsyal nan premye etaj la nan South West Street.

Apatman pou moun ki gen revni miks yo rezève pou fanmi ki nan yon entèval revni: 32 se pou fanmi ki touche 50 pousan oswa mwens pase Revni Mwayen Zòn (AMI) lan; 99 se pou fanmi ki touche 60 pousan oswa mwens AMI; 27 se pou fwaye ki touche 80 pousan oswa mwens AMI; epi 30 se pou fanmi ki touche jiska 110 pousan AMI. Gen yon apatman ki rezève pou sipè-entandan an.

Devlopman an rekipere yon ansyen mekanik otomobil ak ponp gazolin gras ak Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la, ki remède risk anviwònmantal moun lakòz. Bilding lan te konsevwa pou fini Sètifikasyon Ajan LEED.

Finansman HCR pou pwojè a gen ladan 26 milyon dola nan obligasyon pèmanan ki egzozere pou taks, Kredi Taks pou Lojman ki gen Fèb Revni ki te jenere apeprè 32 milyon dola nan kapital pwòp ak anviwon 26 milyon dola nan sibvansyon. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSEDA) te bay plis pase 133,000 dola atravè Nouvo Pwogram Konstriksyon li an ak apeprè 180,000 dola atravè Pwogram Chalè ak Kouran Konbine li a. Lòt finansman yo gen ladan yon peman nan plas akò taks avèk vil la. Devlopè pou 22 South West Street se MacQuesten Development, LLC.

Depi 2011, HCR te envesti plis pase 1 milya dola nan 130 devlopman pou kreye oswa prezève apeprè 13,000 kay ak apatman abòdab nan Rejyon Mid-Hudson, ki gen ladan apeprè 800 milyon dola nan Konte Westchester pou sipòte apeprè 7,500 kay pou plis pase 20,000 moun. Envestisman Eta a te mobilize apeprè 1.9 milya dola nan lòt fon pou devlopman Rejyon Mid-Hudson sa yo.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare, "Gras ak angajman Gouvènè Cuomo pou lojman abòdab, ak sante, sekirite ak andirans ekonomik Eta New York, HCR kenbe dinamis nou pandan kriz pandemi an. Achèvmant 22 South West Street se prèv angajman sa a, ansanm ak vizyon ak travay di eta a, vil Mount Vernon ak patnè devlopman nou yo. Pwopriyete sa ke anviwònman an te andomaje deja nan kè Mount Vernon te transfòme pou tounen 189 lojman abòdab, ekonomik pou enèji ki pral pote chanjman dirab, benefik nan kè vil la".

Komisè DEC an, Basil Seggos, te di, "Pwogram Netwayaj Frich Endistriyèl New York la ap fè valse restorasyon ansyen sit endistriyèl nan kominote yo atravè eta a, epi pèmèt plizyè douzèn pwopriyete ki pa itilize ase tounen nan itilizasyon ki pwodiktif. Netwayaj pwopriyete frich endistriyèl tankou ansyen sit Estasyon Sèvis Repetti nan Mount Vernon enpòtan anpil pou pwoteje sante piblik, pwoteje anviwònman an, ak reyamenaje resous nan kominote yo. Pwojè 22 South West Street la a pral pote

opòtinite lojman abòdab bon kalite ki nesèsè anpil pou anba lavil Mt. Vernon, ki pral ede enèjize ekonomi lokal la ak amelyore kalite lavi".

Doreen M. Harris, Prezidan Pwovizwa ak Direktè Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, "Pwojè rezidansyèl abòdab ak ekonomik pou enèji tankou sa a enpòtan pou atenn objektif Gouvènè Cuomo ki se asire ke tout Nouyòkè yo kapab patisipe nan tranzisyon eta nou an pou yon ekonomi ki net nan kabòn. Atravè pwojè sa a, ansyen sit endistriyèl yo te transfòme an bilding pwòp, san danje ak efikas ki amelyore kapasite rezidan yo pou vwayaje, travay ak fè acha epi libere potansyèl kache kominote New York la".

Lidè Majorite Sena a, Andrea Stewart-Cousins te deklare "Lojman abòdab enpòtan anpil pou nenpòt kominote ki vle pwospere toutbon. Ouvèti 22 South West Street se bon nouvèl ak plis prèy renesans kontinyèl Mt. Vernon. Bèl inite abòdab sa yo pral atire plis ak plis moun nan gwo kominote sa a ak rann nou tout pi djanm".

Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare, "Mwen kontan inogire yon nouvo chapit pou Vil Mount Vernon. Lojman abòdab nan 22 South West Street la pral bay apatman bon kalite pou sitwayen nou yo epi pral lanse pwosesis pou plan Revitalizasyon Mount Vernon an".

George Latimer, Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "22 South West Street se yon egzanp patenarya ke konte, gouvènman lokal ak envestisman prive ta dwe ede fasilite. Piske mwen grandi nan gwo vil Mt. Vernon, mwen konnen enpòtan rasanble kominote a pou reyalize yon pwojè konsa. Pwojè sa a vreman gen tout bagay: lojman abòdab ki apdapte ak anviwònman epi li sitiye nan sant. Se modèl pou fason Westchester ta dwe grandi ak envesti nan lavni li".

Majistra Mount Vernon, Shawyn Patterson-Hoaward, te deklare, "Mwen fyè anpil de vil nou an ke nou kapab pèmèt yon pwojè konsa egziste ak kòmanse toutbon revitalizasyon Mount Vernon merite. Vini ak nouvo travay, nouvo rezidan ak devlopman ki oryante nan transpò komen pou vil nou an pral transfòme kalite lavi pou tout rezidan Mount Vernon. Nou fyè pou wè moun yo pwofite opòtinite enkwayab yo ke nou genyen isit la, espesyalman nouvo Distri Zonaj ki Oryante nan Transpò Komen nou an".

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral MacQuesten Development, Rella Fogliano, te deklare, "Mwen fyè dèske m ap dirije pwojè devlopman ak transfòmasyon ki oryante nan transpò komen ki pral kontinye ansyen tradisyon konpayi nou an ki se envesti nan Mount Vernon. 22 South West Street gen tout bagay: pri abòdab, liks ak depasman fasil. Ansanm ak Eta New York, lòt patnè endispansab nou yo nan gouvènman an ak sektè prive a, n ap ede pwouve ke pi bon jou Mount Vernon yo gen pou vini toujou".

Chèf Egzekitif Mache, Todd Gomez, Community Development Banking Group, Bank of America, te deklare "22 South West Street se yon prèy tanjib enpak enpòtan ke lojman abòdab, oryante nan transpò komen kapab genyen sou vil tankou Mount Vernon. Rella Fogliano ak ekip Macquesten Development lan te gen yon vizyon pou

kreye yon eksperyans lojman san parèy pou rezidan yo pandan y ap kontribiye nan kominote k ap grandi, ki dinamik la nan Mount Vernon Avenue. Nou kontan ke prè konstriksyon ak envestisman 85 milyon dola Bank of Amerika a te ka ede vizyon MacQuesten pou 22 South West Street tounen yon reyalite".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)